

Tata Pangibadah Minggu
Minggu XVI sasampunipun Pentakosta
(Wulan Katekese Liturgi Minggu kaping 2)
GKJ Salatiga, 13 September 2026
(pangibadah tabuh 09.00) - Minggu Biasa (werni liturgi: Ijem)

PARING PANGAPUNTEN PUNIKA HEBAT

P. = Pemimpin (atau Pengkhotbah); U. = Jemaat; Pr.= Primus
Ltgs. = Liturgos; M1,2. = Majelis

PRA LITURGI

- Pandonga pribadi umat.
- Pandonga konsistorium.
- *Lonceng 1x - Pemaosing Pawartos Pasamuwan (M1)*
- *Lonceng 2x – Pratanda Pangibadah kawiwitan*

LITURGI MLEBET

Tibalan Pangibadah

Ltgs : Umat ingkang dipuntresnani dening Gusti,
Dinten punika kita lumebet ing Minggu kaping kalih wulan katekese
utawi piwulang bab liturgi. Sumangga kita sowan ngibadah dhumateng
Gusti.

U : ***Prayogi kita muji sokur dhumateng Gusti***

Ltgs : Ngidungaken masmur kagem asmanipun Gusti Allah kita.

U : ***Amargi Paduka sampun damel kawula sukarena srana pakaryan
Paduka, dhuh Gusti.***

Ltgs : Awit pakaryan Paduka, kawula badhé asurak-surak

U : ***Pakaryan-pakaryaning Allah kita saestu agung.***

Ltgs : Kawula sami badhé ngluhuraken saha memuji Asma Paduka!

Pasamuwan jumeneng, ngidungaken KPJ 28: 1, 2 “SUCI, SUCI, SUCI ”

1. Suci, suci, suci pinuji Hyang suci
Allah maha mulya kang jumeneng raja
Suci, suci, suci pinundhi Hyang widhi
Titah sedaya memuji samya.
2. Suci, suci, suci pujining roh suci

Angumandang sora ngabekti akasa
 Pra malekat sami sujud angabekti
 Ngidung tan kendhat mring Kang mengkurat.

(Pengkhotbah dan pradata lumebet ing papan pangibadah – panyumeding lilin)

Votum dan Salam

P : Pangibadah punika sinenger ing Asmanipun Yehuwah Allah ingkang sampun nitahaken langit kaliyan bumi ingkang dados tuing pitulungan kita

do = d - e - f 2 ketuk

U : 5 6 ' | 5 6 ' | 5 4 | 3 . ||
 A - min, a - min, a - min.

P : Tentrem Rahayunipun Sang Kristus wontena ing panjenengan sedaya

U : *Wontena ing panjenengan ugi*

(umat lenggah)

Introitus

Ltgs : Para sedherek ingkang kinasih,

Ing pangibadah punika kita ngraos-raosaken satunggaling jejer, **“Paring pangapunten punika hebat”**. Lumantar jejer punika kita katimbangan ngraosaken agenging sih katresnanipun Gusti ingkang sampun katandukaken dhateng kita. Kita tiyang ingkang dosa, kaparingan sih nugraha, inggih punika pangapuntening dosa. Punika satunggaling kabinngan ageng kangge kita, ndadosaken gesang kita kebak pamuji sokur dhumateng Gusti. Nanging ing sisih sanes, kita ugi kabereg mratelakaken saha mujudaken sih pangapuntening Allah punika ing salebeting gesang patunggilan kita. Sageda kita gesang tresna-tinresnan saha apunten-ingapunten, satemah salebeting gesang patunggilan badhe tuwuh katentreman.

Pangidunging Umat, KPJ 182:1-2 **“PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG”**

1. Puji sokur lan panggungung konjuk mring Hyang Ma-agung
 Kang nitahaken jagad raya wah ngreksa kanthi setya
 Makluk wrata rinimatan krana sih ing Pangeran
 Jagad tentrem lan raharjo lamun manut pangrehnya
2. Surya , candra, lan pralintang samya nyunarken padhang
 Peksi ngoceh mawurahanwah sato-kewan girang

Tetuwuhan ngumbar sekar sarto asung woh-wohan
Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa

Pengaken Dosaning Umat

P : Umat kagunganipun Gusti,

Dhawuh Pangandikanipun Gusti dhateng kita mekaten: *“Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau”* Matius 22:37-40)

Ltgs : Para sedherek,

Aben ajeng kaliyan dhawuhipun Gusti wau, kita saestu nglenggana dhateng kalepatan lan dosa kita, awit gesang kita taksih tebih saking karsanipun Gusti. Dhawuhipun Gusti mbereg kita supados tansah gesang adhedhasar katresnan, satemah saged mawujud patunggilan ingkang endah kaliyan sesami. Nanging katresnan ing manah kita asring luntur, awit kita namung nengenaken kapentingan kita piyambak. Manah kita taksih asring dipunkuwaosi raos sengit dan meri, satemah angel nelakaken sih pangapunten dhateng sesami. Sumangga kita sami ngajeng-ajeng dhateng rentahing sih palimirmanipun Gusti Allah, anggènipun karsa ngapunteni dosa kita lumantar Gusti Yésus Kristus.

U : ***(Ngunjukaken pandonga pangakening dosa sacara pribadi - sawetawis)***

Ltgs : *“Ing ngarsa Paduka kawula sami nelangsani dosa kawula, dhuh Gusti. Mugi Paduka karsa paring aksama. Amin”*

Kidung Panalangsa, KPJ 61: 1, 4 “SAESTU KEDUWUNG”

1. Saestu keduwung kula, dene kirang setya.
Kadhawuhan kinen tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci
- 3 Saèstu keduwung kula, nglirwakken kwajiban
mrih tuwuhing pasamuwan miwah gesanging bebrayan,
tentreming dumadi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

Pawartos Sih Rahmat [umat Jumeneng]

P : Nampenana Pawartos Sih Rahmatipun Gusti ingkang sinerat ing **Yesaya 1 : 18**, ingkang mekaten, *“Sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupane abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gembel.”*

Mekaten Pawartos sih Rahmatipun Gusti.

U : *Puji Sokur Allah.*

Salam Tentrem Rahayu

P : Gusti sampun ngrukunaken kita kaliyan Panjenenganipun, pramila kita ugi tinimbalan sami dene rukun satunggal lan satunggalipun, Salam **Tentrem rahayu!**

- *umat sami ajawat asta kanthi ngucapaken salam **Tentrem Rahayu** dhateng sedherek-sedherek ing sakiwa-tengenipun – Kairing **KPJ. 460 TENTREM RAHARJA***

[umat taksih Jumeneng]

Ngidungaken KPJ 352 : 1-2 “Santosaning Tetunggalan”

1. Santosaning tetunggalan wit saka katresnan
Den sabar ing atinira, sareh ing wicara
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri
Kabeh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah
2. Atut rukun angesuhi, timbalan lestari
Yeku badan lan roh kita manunggal sajuga
Kadya pangesthi sawiji kang kita darbeni
Yeku sih rahmate Allah kang luber ing berkah

LITURGI SABDA

Pandongan Pacawisan nampi Sabda (P)

[umat Lengah]

Pemaosing Kitab Suci

P : Pangandikanipun Gusti kapethik saking **Matius 18: 21-25**, ingkang mekaten ijemnipun....***dipun pungkasi kanthi pratela***, “Mekaten Sabdanipun Gusti, ingkang rahayu inggih saben tiyang ingkang mirengaken lan nindakaken Sabdanipun Gusti, Haleluya!”

U : do = d 4 ketuk

1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||
Ha-le- lu- ya, Ha-le- lu- ya, Ha-le- lu . . ya!

Khotbah Weldal Ening

Pengaken Pitados Rasuli [umat Jumeneng]

Pr. : sesarengan Umat suci ing pundi-pundia papan lan ing sadhengah jaman,
kita nglairsaken paseksi srana ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli
sesarengan

U : Kawula pitados dhateng Allah sang Rama.....

Pandongga Syafaat [umat Lenggah]

P : (Nuntun Pandonga syafaat)

*Kapungkasan Pandonga Rama Kawula ingkang kapujekaken srana **KPJ 152***

Rama kawula kang wonten swarga ingkang asma kasucekna

Kraton Paduka rawuh karsa Paduka klampah, ing bumi kadya aneng swarga

Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki,

kula kaapuntena kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan,

sampun nandukken kula dhateng panggodha,

kalepasna kula saking piawon

Jer Gusti kang kagungan Kraton, lan wisesa sarta kamulyannya

Ngantos slami-laminya, amin, amin

LITURGI PELADOSAN MEJA

Pisungsung (dipimpin oleh M2))

M2 : Umat ingkang dipun tresnani deninig Gusti,
Minangka atur panuwun saha raos sokur kita kagem Gusti, sumangga
kita sami ngaturaken pisungsung linandhesan sabdanipun Gusti
ingkang sinerat wonten ing Jabur 4: 6, mekaten: “*Padha nyaosna kurban
kang bener, sarta kumandela marang Sang Yehuwah*”

Umat ngaturaken Pisungsung kinanthen pepujen saking **KPJ 162: 1, 3 “KATUR
NGARSA PADUKA GUSTI”**

1. Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula
Jiwa lan raga kula mugi aso neng asta Paduka
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha Kwasa.
- 3 Katresnanta Paduka, Gusti wonten ing Yesus kawedhar
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lebar.
Kula sestu rumaos begja linuberaan rahmat Paduka

Pandongga (umat Jumeneng)

(M2 nenuntun Pandongan pasrahing Pisungsung lan Panutup)

LITURGI PENGUTUSAN

Pangutusan lan berkah

- P : Para sedherek,
Ngapunteni lan nyupekaken punika dados punjering gesang nalika kita sami nggegesang sih pangapuntening Gusti ing gesang patunggilan. Sumangga kita nyingkur dhiri kita piyambak, sampun ngantos rumaos ingkang leres piyambak. Raos sengit kabucal, tansaha gesang tresna-tinresnan. Punika wujuding gesangipun umat Kristen ingkang sejati. Samangke, ngenerna manah dhumateng Gusti Allah.
- U : *Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.*
- P : Dadosa seksnipun Sang Kristus, lumantar gesanging brayat ingkang tansah tresna-tinresnan lan lung-tinulung.
- U : *Sang Roh Suci mitulungi kawula.*
- P : Pinujia Gusti Allah kita
- U : *Samangké dumugi ing salami-laminipun.*
- P : Nampenana berkahipun Gusti: *“Pangeran Yehuwah mberkahi Panjenengan lan ngayomi panjenengan, Pangeran Yehuwah Nyunari Panjenengan srana wedananipun lan maringi panjenengan Sih Rahmat, Pangeran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng Panjenengan lan maringi panjenengan tentrem Rahayu,*
- U: *Amin.*

Kidung Panutuping Pangibadah, KPJ 459:1, 2 “Pinujia Allah Sang Rama”

1. Pinujia Allah Sang Rama, wah Sang Putra lan Roh Suci
Purna pangabekti aneng greja, ngrasuk gesang saben ari
Refr. Payo nindakna kang trusing ati,
sabdaning Gusti sung gesang yekti
Sinartan dening berkahing Gusti,
sung sih rahmat mring sesami
2. Pangabekti sestu ngibadah, lamun Gusti kang densembah;
kraharjaning pepadha denudi, jagad ramnya tentrem yekti
- *Refr.*

Pangibadah Purna – sugeng kondur –Gusti mberkahi